ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№12 (23.982) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 1, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЦІыхухэм я бжыгъэм щІыхэмыхъуэм и щхьэусыгъуэхэр

КЪБР-м и Парламентым и гъатхэ лэжьэгъуэм и япэ зэхуэсыр щІышылэм и 30-м къызэІуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я къэрал гимнэмкІэ. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ республикэм и хабзэубзыку орган нэхъыщхьэм и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.

● КЪБР-м и Парламентым

ДЕПУТАТХЭМ даІыгащ, езым зэрызахуигъэзам ипкъ иткІэ, КЪБР-ым и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм зегъэужьыным ехьыбарегъащІэ политикэмкІэ и унафэщІ къуекІыкъур Пащты Борис щхьэщахьныр. Абы щыгъуэми депутат къалэнхэр иІэу комитетым хэтыну ар къонэ, КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІуи щытынущ.

ЗэІущІэм япэ еджэгъуэкІэ къыщащащ «КІэрыхубжьэрыхухэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іэухукіэ» КЪБР-м и законым и проектыр. КЪБР-м и Парламентым Мэкъумэш Іэухухэмкіэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпыным дыкъэзыухуреиХь дунейр хъумэныжьыкІэ и комитетым и унафэщІ **ТекІуШэ Артур** зэрыжиІамкІэ, ар зэхагъэуваш 2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м «КІэрыхубжьэрыхухэм ятеухуауэ» Федеральнэ законым зэхъуэжІыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлІауэ» ФЗ-№225-мрэ «Росатом» атом къарумкІэ къэрал корпорацэм и Іэухукіэ» Федеральнэ законымрэ къызэращтам ипкъ иткІэ.

Депутатхэр арэзы техъуащ «Балигъ ныбжьым нэмысахэм я хуитыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхъуэмэныжьыкІэ комиссэхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэхэр къызэрэпэщыным ехьэлІауэ щыпІэ унафэхэр зезыгъакІуэ Іуэхущапіэхэм щхьэпэ пыухыкІахэр я пщэ дэлъхьэнымрэ ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ, 15-нэ Іыхьэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іэухукіэ», «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КЪБР-м и Законым и 5-нэ, 6-нэ Іыхьэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іэухукіэ» КЪБР-м и законхэм я проектхэм.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр ягъуэтыну зэІущІэм къыщыхалъхьащ «Творческэ лэжьакІуэхэмрэ КЪБР-м щэнхабзэм епхауэ щыІэ зэгухьэныгъэхэмрэ ятеухуауэ» КЪБР-м и Законымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ хабзэхэм ятеухуа и кодексымрэ.

ЗэІущІэм щагъэбелджылащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2020 гъэм щІышылэм и 15-м УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІэным теухуауэ КЪБР-м и Парламентыр зэлэжьыныгъэхэр. КЪБР-м и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкІэ и комитетым и унафэщІ **Кансаевэ Еленэ** жиІащ къэралым и Унафэщіым къигъэлъэгъуа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэр и тегъэщапІэу, республикэм и хабзэубзыку Іуэхущапіэр 2020 гъэм и гъатхэ, бжьыхьэ сессиехэм зэрылэжьэнур. Ахэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныр къалэн щащІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщіым и къудамэхэм. Къэпсэльам зэрыжиІамкІэ, Іуэхущапіэм гулъытэ хэха хуищынущ къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэм. Къищынэмыщіауэ, Іуэхугъуэ 28-рэ ирагъэкІуэкІыну я мурадщ: «Правительствэм хухах сыхьэту 10, «стІол хъурейр» семинару 5, Парламентым и комитетхэм я зэІущІэу 12, едэІуэныгъэу 1.

КЪБР-м и хабзэубзыку орган нэхъыщхьэм къыщымыгъэлъэгъуа политикэ парти 6-м («Власть - Народу» Урысей щІыхубэ-хэкупсэ парт», «Пенсэм щысхэм я Урысей парт», «Союз труда» урысейпсо политикэ парт, «Гражданская платформа», «Яблоко», «Роста» партхэм) я унафэщІхэмрэ къуздзэхэмрэ зэІущІэм хэтащ. ЛІыкІуэхэм я Іуэху еплъыкІэхэр къагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и демографие зыужьыныгъэр зыхуэдэм теухуауэ. Дэтхэнэми кІыхьигъэщащ, а Іуэхум лъапощхьэпо хуэхъуэхэм зэращыщыр щІыналъэм иІэпхъуэкІыр, унагъуэ зэбгъэдэкІыжхэр зэрыщыкуэдыр. Къэпсэлъахэм зэрыжиІамкІэ, ди къэралым и дежкІэ уэхэзыгъаплъэщ лэжьэфыну ныбжьым итхэм ящыщу куэд зэрылэрри.

«Гражданская платформа» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и секретарь **АфІэунэ Асльэн** жиІащ цІыхухэм я бжьыгъэм хэхъуэныр щІыналъэм и социально-экономикэ щытыкІэм, цІыхум я псэукІэр зэрефІакІуэм зэрельытар. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ республикэм лэжьыгъэ Іэнатіэщіэхэр къызэрыщызэгъэпэщыпхъэм гулъытэ ин хуэщІын зэрырихуейр.

УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщиІэтащ унагъуэщІэхэм къэралыр зэрадзІэпыкъу ахъшэм зэрыхагъэхъуэныр. Ауэ абыкІи зэфІэкІыну къыщІэкІынукъым демографиер къэІэта хъунур. ДызэрелпъымкІэ, гулъытэ хэха ягъуэтын хуейщ бын куэд щапІ, хуэмыщІа унагъуэхэм интернатхэм къыщыхъу сабийхэми, - жиІащ АфІэунэм. - Мыхьэнэшхуэ иІэн хуейщ республикэм и егъэджэныгъэм и фІагъми курыт еджапІэхэр ирикъуу диІэнми. НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укъыщеплъмэ, цІыхухэм я бжьыгъэм хэзымыгъаХуэ лъэпощхьэпохэм ящыщу щІыналъэм щыпсэуфхэр зэриІапхъукІыр. ЩытыкІэм зихьэжьын папщІэ, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щІэныгъэ щІыззэгъэгъуэта ди щІалъэгуалэр къэкІуэжьным сэбэп дыхуэхъун хуейуэ къыдолъытэ.

ЗэІущІэм къыщыпсэльахэм КЪБР-м и Парламентым и Унафэщіым и къудамэ зэзыгъэхъужыну Іэмал зыбжанэ. Абыхэм ящыщу хьэрычэт Іуэху мащІэмрэ курытымрэ зэрызыщІагъакъуэр егъэфІэкІуэныр. Псалъэм папщІэ, налог амнистие егъэкІуэкІыпхъэу зэрыщытыр, промышленностым кредит нэхъ пуд зэретыпхъэр, нэгъуэщІхэри.

«НППР - Власть Народу» политикэ партым и унафэщІым и къудзэз **Гундаров Игорь** къыхилъхьащ демографием и щытыкІэр зыхуэкІуэмрэ абы и хэкІыпІэхэмрэ зэхагъэкІын мурадкІэ, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я лІыкІуэхэр зыхэтыну зэхуэсыщхъуэ къызэрагъэпэщын зэрыхуейр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

УФ-м и Президент Путин Владимир иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ ЩІыпІэ унафэр зэрызэрагъакІуэм зегъэужьыныжьмкІэ советым и зи чэзу зэІущІэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и цІэкІэ абы хэтащ Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз.

Зэ1ущ1эм щыхэпльащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэныжьмкІэ муниципалитетхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, къэрал унафэр пхыгъэкІыныжьмкІэ абыхэм яІэ мыхьэнэм, апхуэдэу муниципальнэ щІыналъэ нэхъыфІхэм я лэжьэкІэм.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущапіэ.

КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТІ. дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ республикэм и Правительствэм и зэІущІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэІущІэм щыхэпльащ щІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным, узынщагъэр хъумэныжьмрэ егъэджэныгъэмрэ я Іэнатіэхэм ехьэлІа лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным, агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным, щІыхухэм хуащІэ транспорт Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным, нэгъуэщІхэми.

МИНИСТРХЭМ я Кабинетым къищтащ паллиативнэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэм ди щІыналъэм зыщегъэужьыныжьмкІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я узыншагъэр гъэбыдэныжьмкІэ программэхэр. Ахэр гъэзэщІэным Іэмал къитыныщ сымаджэ хьэлъэхэм зэрадзІэпыкъур егъэфІэкІуэныжьмкІэ, щІыхухэм я узыншагъэр гъэбыдэныжьмкІэ. Программэхэр ятеущІыхьащ 2024 гъэм нэсыху къриубыдэ зэманым.

Апхуэдэу республикэ бюджетым и субсидиекэр Налшык, Бахьсэн къалэ округхэм, Тэрч муниципальнэ районым я бюджетхэм дызэрыт иль эсым тегуэшэным теухуа унафэм и проектыр къащтащ. Субсидиен и хьэкъкІэ ирагъэфІэкІуэну я мурадщ зи узыншагъэм сэкъат иІэу а щІыналъэхэм я еджапІэхэм щІэс сабийхэр зыхуей зэрыхуагъаззэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2020 гъэм, 2021, 2022 гъэхэм я лъэхъэнэм тешІыхьа и республикэ бюджетым ирагъэзэгъыжьын папщІэ зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ «Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныр, мэкъумэш продукцэм, сырьём, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэблэгъэкІыныр» республикэ къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Абы ипкъ иткІэ КЪБР-м и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным 2025 гъэм нэсыху гъэкІуэдэнущ сом мин 10172083,1-рэ.

ЗэІущІэм хэтахэм даІыгъащ республикэм исхэр 2020 гъэм къалэ щІыбжьм гъущІ гъуэгу транспортымкІэ зэрыщызекІуэну щІыкІэм теухуауэ КЪБР-м и Правительствэмрэ Кавказ Ищхъэрэм щыІэ гъущІ гъуэгу компаниемрэ зэращыпІэну зэгурыІуэныгъэм и проектыр.

КъыкІэлъыкІуэу тепсэлъыхьащ щІыналъэ гъуэгу фондым и бюджетым и ахъшэр 2020 - 2022 гъэхэм зэрытрагуащэм теухуа документым. Транспортым и инфраструктурэм зегъэужьыным ехьэлІа Іуэхухэр дэгъэкІыным дыззрыт иль эсым хухах сом меларди 2-рэ мелуан 994-м нэблагъэ.

КЪБР-м щІымрэ мылькумрэ я Іуэхухэмкіэ и министр Тохъу Асльэн Правительствэм хэтхэр щыгъуазэ ищІащ Прохладнэ муниципальнэ районым и мэкъумэш щІапІэхэм ящыщу зы гектар промышленностым пыщІа Іуэхухэм хиубыдэ щІы Іыхьэ зэращІыр. Абы къыдэкІуэу КЪБР-м и къэрал мылькум хиубыдэ административнэ унэу метр зэбгрыуэнатІэу 100-м щІигъу ветеранхэм я зэгухьэныгъэу тІум къагъэсэбэпын папщІэ ирагъэбыдылІэ.

Тэрч, Дзэлыкъэ районхэм сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ я лагерхэм бюджет ахъшэр зэрытрагуашэ щІыкІэр даІыгъащ. Гъэмахуэ зэманым а Іуэхущапіитіым сабийуэ 540-м нэблагъэм зыщагъэпсэхунущ.

ЗэІущІэм къыщащтащ республикэм и къэрал мылькум хиубыдэ ухуэныгъэ концессие зэгурыІуэныгъэхэм ябпкъ иткІэ ятыну я мурадхэм я спискэр. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и деж балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр зэхъуэныжьмкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр яубзыхуащ.

Акъылыр зыгъэутхъуэхэм сабийхэр щахъумэн папщІэ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм депутатхэр Іуэхугъуэ 20-м щигъуи щыхэплъащ.

ЗЭІУЩІЭР Іуэху гуапэкІэ къызэІуахащ: КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** ехъуэхъуащ Къэрал Іэнатіэм Іут лэжьакІуэхэм я урысейпсо профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Бакъ Фаинэ** и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэзэрикъумкІэ икІи КЪБР-м и Парламентым и Унафэщіым и ФІыщІэ тхьылъэр иритащ.

Адэкіэ лэжьыгъэм пащащ. Абы щыхэплъащ «Республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КЪБР-м и законым и проектым. Парламентым Мэкъумэш Іуэхухэмкіэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпыным дыкъэзыухуреихь дунейр хъумэныжькІэ и комитетым и унафэщІ **ТекІуШэ Артур** жиІащ законопроектым къызэрыщагъэлъэгъуар республикэм и къэрал Іуэхущапіэхэм я пщэрылъхэм ехьэлІауэ къыхалъхьа зэхъуэкІныгъэхэр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Тутыну щымыту, ауэ акъылыр ягъэутхъуэу къалъытэхэм сабийхэр щыхъумэныжькІэ лэжьыгъэхэм ятеухуауэ» КЪБР-м и законым и проектым. Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныжькІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен** къыхигъэщащ зи гугъу ящІ тутын лІэужьыгъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу ныбжьыщІэхэм я узыншагъэм зэран хуамыгъэхъун мурадкІэ законопроектыр зэрызэхагъэувар. Абы ипкъ иткІэ къыхалъхьэ республикэм и щІыпІэхэм тутын папщІэу е сагъызу щІа апхуэдэ гуэрхэр балигъ ныбжьым нэмысахэм иращэну, иратыну зэрыхуимытынур. Закономроектхэм нэхъ зыубгъуауэ елэжьа нэужь, КЪБР-м и Парламентым щыхэплъэнущ.

КъищынэмыщІауэ, унафэ къащтащ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьылъэр республикэм и лэжьакІуэ нэхъ гуащІафІэхэм иратыну.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

Пащты Борис СулътІан и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм зегъэужьыныжьмкІэ, хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІым и кулыкъур щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям и Іыхьэ 3-м и пункт 1-м иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Пащты Борис СулътІан и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм зегъэужьыныжьмкІэ, хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІым и кулыкъур 2020 гъэм мазаем и 1-м щегъэжьауэ щыхэщыхьын езыр къызэрыльэІуам къыхэкІыу.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм щІышылэм и 30-м
№999-П-П

Марьяш Иринэ Хьэбэз къуажэм дэсхэм яхуозэ

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ иджыблагъэ Дзэлыкъуэ районым щыІащ икІи Хьэбэз къуажэм щыщу зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІахэм епсэльащ. Апхуэдэу ар яхуэзащ «Урысей зэкъуэт» партым хэт щІыхь гупым.

ДЕПУТАТЫМ щІыгъуу къуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ Дзэхьушокъуэ И. И., «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ секретарь Гуэнгъэпщ Хь. Т., Хьэбэз къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Тюбеевэ М. Н. сымэ.

Езыхэм я щхьэ Іуэхухэм къыдэкІуэу щІыхуэкІ зэгурыІуэныгъэ щІалъэгуалэм папщІэ узыншагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ комплекс ухуэныж, къуажэм дэт Щэнхабзэ унэр капитальнэу зэгъэпэщыжыным, къхъэм іуэ гъэгум хиубыдэу телъ лъэмыжыр зыхуей хуэгъэзэным.

КъекІуэлІа псоми зыхуэфащэ чэнджэщхэр ираташ, тхыгъэхэри депутатым къигъэсэбэпынущ абыхэм ящыщыгъэлъэгъуа Іуэхухэр щызэпкърихкІэ.

ЩОКЪУИЙ Аминэ.

Ленинград къалэр фашистхэм къыщыІэщІагъэкІыжа махуэм ирихьэлІэу ветеранхэр ягъэлъэпІащ

Совет армэм 1944 гъэм щІышылэм и 27-м ирихьэлІэу къанэ щымыІэу зэтрикъутауэ щытащ Ленинград къалэр къэзыухъуреихьа фашистыдзэхэр. А махуэр тхыдэм хыхьащ ЗауэлІ щІыхьым и махуэу.

ЛЕНИНГРАД къэзыухъуреихьа бийр зэрызэтракъутэрэ илъэс 76-рэ зэрырикъуам и щІыхькІэ Налшык щагъэлъэпІащ зауэ лъэхъэнэм а къалэм даубыдауэ щытауэ иджыпсту ди республикэм щыпсэухэр. КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыбгъдэкІыу ветеранхэм хъуэхъу тхьылъэмрэ тыгъэзэмрэ ираташ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадзэ зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: гъатхэпэм къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущапіэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 464-рэ кІэпІейкІэ 20-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Къуажэ Іэтащхьэхэм зэфІагъэкІахэм хоплъэж

Бахьсэн районым и къуажэхэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ я советхэм я отчёт сессиехэр щІадзауэ ирагъэкІуэкІ.

АБЫХЭМ хэтщ жылагъуэхэм я депутатхэр, администрацэхэм я лэжьакІуэхэр, предприятэхэмрэ Іуэхущапіэхэмрэ я унафэщІхэр, район администрацэм и лІыкІуэхэр.

Къуажэ 13-м я Іэтащхьэхэм цІыхухэм я пащхьэ ираухьажьнущ бюджет мылькур, бюджетым щымыщ ахъшэр къызэрагъэсэбэпар, щІыналъэм зегъэужьыныжьмкІэ зэфІагъэкІахэр, зыхихьа ильэсым ялэжьыну я мурадхэр.

УЛЫМБАЩ Лерэ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

● КЪБР-м и прокуратурэм

Къалэн нэхъыщхьэхэр къахуегъэув

Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм и къудзэ Демешин Виктор хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым и Прокуратурэм и коллегием и зэлъущIэм щыхэплъэжащ 2019 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуахэм.

ДЕМЕШИНЫМ гулъытэ хэха хуищIу къыхигъэщащ КЪБР-м зэфIэмыха Iузэхуэр иджыри зэрыщыIэр икIи абы и лъэныкъэкIэ прокурорхэм кIэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ хэкIыпIэхэр яубзыхуну кьаззрыхуигъэувыр. Абыхэм ящыщщ цIыхухэм я хэхъуэр зэрымащIэр, улахуэмкIэ щIыхуэхэр зэрыщыIэр, щIэпхьаджагъэм, властым и органхэм коррупцэм зэрызыщIэтыр, электрокьарум, налог тыным ехьэлIа щIыхуэхэр.

ЗэIущIэм доклад щащIащ республикэм и прокурор Хабаров Николай, абы и къудзэхэу Лаврешин Юрий, Дэрмывэ Игорь сымэ. Апхуэдэуи къэпсэлъахэщ республикэ прокуратурэм коррупцэм пэщIэтыныжрэ законодательствэр гъэзэщIэным кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и унафэщIыр, балигъ мыхъуахэмрэ щIалэгъуалэмрэ ятеуху законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ республикэ прокурорым и дэIепкъыгъэр, Налшык, Бахьсэн къалэхэм, Прохладнэ районым я прокурорхэр. Демешин Виктор абыхэм яхуигъэлъэгъуащ прокурор кIэлъыплъынигъэр къызэгъэпэщынымкIэ я ныкъуасаныгъэхэр, яхуигъэуващ къалэн хэхахэр, ахэр щызэфIагъэкIыну пIалъхэр.

Республикэм и прокурор Хабаров Николай пщэрылъ щищIащ республикэм и прокуратурэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я зэранкIэ щыIэ хъуа ныкъуасаныгъэхэр къыхэхкIар зэхигъэкIыну, ахэр яIыгъ кIылкъым хуэфащэ-хуэмыфащэми хэплъэну, Налшык, Бахьсэн къалэхэм я прокуратурэхэм я лэжьыгъэр хъапщытэну.

Демешин Дмитрий игъэбелджлащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм и IэнатIэхэм 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зэфIагъэкIын хуей къалэн нэхъыщхьэхэр. Абыхэм ящыщщ цIыхухэм я социальнэ, лэжьыгъэ, псэупIэ хуитыныгъэхэр хъумэныр. Республикэм и прокуратурэм и органхэм къалэн ящищIащ щIэпхьаджагъэм пэщIэтынымкIэ зэзыгъэуIу, кIэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэну, сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным гулъытэ хэха хуащIыну, террорымрэ экстремизмэмрэ, лъэпкъхэр зэпэзыгъэув Iузэхуэр зэхэмыгъэхъуным ерыщу яужь итыну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ЗэIущIэхэр

ХэкIуадэхэр нэхъ мащIэ мэхъу

КЪБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ УГИБДД-м 2019 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуахэм теухуа зэIущIэ. Управленэм административнэ законодательствэр гъэзэщIэнымкIэ и къулыкъум и ДПС къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник Махиев Заурбэч журналистхэр щыгъуазэ ищIащ я IэнатIэхэм зэфIагъэкIам. Ар тепсэлъыхьащ гъэзэгу насыпыншагъэхэр гъэмэщIэным, гъэзэгум щызекIуэхэм хабзэр ягъэзэщIэным теухуауэ къагъэсэбэп Iэмалхэм.

2019 гъэм къэхъуащ гъэзэгу насыпыншагъэ 644-рэ, илъэ ита илъэсым елпъытмэ, процент 5,9-кIэ нэхъыбэ. Абыхэм хэкIуадэхэр процент 25-кIэ ехащ (цIыхуи 123-рэ). ИтIанэми, фэбжь зыгъуэтахэр процент 6,7-кIэ нэхъыбэщ (776-рэ). Аварие нэхъыбэ къыщыхъуащ Iуащхьэмахуэ, Аруан районхэм, фэбжь хэзыхахэр щыпэхъыбэщ Бахьсэн, Прохладнэ щIыналъэхэм. Нэхъ мащIэ хъуащ рулым чэфу дэтIысхьэхэм я зэранкIэ къэхъу насыпыншагъэхэр - жиIащ Махиев Заурбэч.

ЛъэсырыкIуэхэр хэту къэхъу аварие-хэм хэкIуадэхэр процент 6,7-кIэ нэхъыбэщ. Абыхэм ящыщу процент 3,8-р езыхэр зэрымысакъам и зэранкIэ къэхуа нэщхьеягъэущ.

Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм блэкIа гъэм къыщIалъэщащ гъэзэгум зэрыщызекIуэ хабзэр 904 027-рэ къыщызэпадзэ. Абыхэм ящыщу 274648-р ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм, 629379-р - зытх Iэмэпсымэхэм наIуэ къащIащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Административнэ Iузэху зыхэплъахэм кърикIуахэмкIэ Къэрал автоинспекцэмрэ суд органхэмрэ унафэ 887416-рэ къащтати, абыхэм ящыщу 475291-р ягъэзэщIащ. Къэудыеу сом 605110100-рэ тралъхьащ, япшынащ сом 385766700-рэ.

- Илъэс кIуам и щIышылэмебгъапщэмэ, нобэкIэ гъэзэгу къэхъуакъащIэхэмрэ абыхэм фэбжь щызыгъэтахэмрэ я бжыгъэр ехащ, ауэ щыхъукIи хэкIуадэхэр процент 80-кIэ нэхъыбэщ. Федеральнэ гъэзэгум къыщыхъуащ аавриеу 8, фэбжь хахащ цIыху 18-м. Аварие нэхъыбэ къохъу сыхьэти 18-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 22-м къриубыдэу, - къыхигъэщащ Махиев Заурбэч.

УАРДЭ Жантинэ.

● Гъэсэныгъэ

ЩIалэгъуалэм я гулъытэ

Урысейм и Географическэ обществэм и нэIэм щIэту ди республикэм къыщызэрагъэпэща «Альтаир» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и зэфIэкIхэм хегъахьуэ.

«АЛЬТАИР»-м и къызэгъэпэщащIуэ Мокаев Тенгиз дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, клубым хэтщ 8-11-нэ классхэм я ефджакIуэ 40. Зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэр тхыдэ мыхьэнэ зиIэ ди щIыпIэхэм гулъытэ щхьэхуэ егъэгъуэтыжынырщ. Программэ гъэхуам тету лажьэ IэнатIэм унэтIныныгъэ 4 иIащ - туризм хуэлухуэщIэхэр, дунеяпIлъэр, япэ медицинэ дэIепхьакIуныгъэр, щIыналъэм и зэхэлъкIэр.

УнафэщIым зэрыжиIамкIэ, ныбжьыщIэхэр дзэзыхьэх Iузэхуэм тещIыхьауэ дерсхэр яухуэ. Абыхэм яхэтщ спортым, акъылым зезыгъэужь джэгукIэхэм, альпинизмэм, къеГъэлакIуэ Iузэхум дихьэххэр, лъахэм теухуа тхыдэр зыджыну хуейхэр.

«Альтаир»-м и екIуалIэхэр щIэх-щIэжыгъэ зыплъыхьакIуэ яшэ. Ялъэгъуахэмрэ езыхэм абы къыхаха дерсхэмрэ ехьэлIа проектхэр зэхалъхьэри, УФ-м и Географие зэгухьэныгъэм и пащхьэ иралъхьэ, къэралым от грантхэр кьахьын хуэдэу.

Клубыр зыбжанэрэ урысейпсо утыку ихьащ икIи ехъулIэныгъэкIэ зыкъыщигъэлъэгъащ. Нобэ ар къэралым щынэхъыщIэхэм хабжэ. «ТекIуэныгъэм и гъэзэгу» зыфIаща проектым ипкъ иткIэ ныбжьыщIэхэр зауэ гущащIэ щекIуэкIа щIыпIэхэм къыщрашэкI, хэкупсэу щытыным, лъахэр фIыуэ лъагъуным, ТекIуэныгъэр къэзыхьахэм я фIыщIэр хъумэным къыхуараджэ. «Альтаир»-м и унэтIныгъэм хэтщ Іуащхьэмахуэ лъапэрэ Курп лъагаIэхэмрэ щекIуэкIа зэхэуэ гущащIэхэм я тхыдэри зэгъэщIэныр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Пщэдей псыпцIэхэм я дунейпсо махуэщ

ЩIыуэпсым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ

ЩIэныгъэлIэхэм къызэралъытэмкIэ, псыпцIэхэр зэмылIэужьыгъуагъэм хезымыгъэгъэщI, щIыуэпсыр зэпIэзэрыт щытыкIэм изыгъэт къэщIыгъэ телъыджэхэм.

ПСЫПЦIЭХЭР зи хэщIапIэ псэущхьэхэмрэ яхуэсакъыныжмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ Ираным и Мазендеран щIыналъэм хыхьэ Рамсар къалэм 1971 гъэм мазаем и 2-м псы-псыпцIэ щIыпIэхэм ехьэлIауэ щызэрахьилаъэ щыта зэгурыIуэныгъэр (**«Convention on Wetlands»**). Дунейпсо махуэ ар щыхъуар 1977 гъэм къыщыщIэдзауэщ.

2011 гъэм мазаем и 1-м ирихьэлIэу, Рамсар щIэнэщхьэм Iэ тезыдза къэрали 160-м Урысей Федерацэри яхэтщ. Тхыдэ мыжыжьым къызэрыхэщыжымкIэ, 1975 гъэм СССР-м и Правительствэм и унафэкIэ Совет Союзым «Рамсар щIыпIэу» 12 щыхагъэунэхуакIауэ щыташ. Абыхэм ящыщу, РСФСР-м и щIыналъэм къыщызэрагъэпэщащ 3 къудейт. А мащIэр и тегъэщIапIэу, УФ-м и Правительствэм 1994 гъэм и фокIадэм къыщта унафэм ипкъ иткIэ, «Рамсар щIыпIэу» ди къэралым щыIэм я бжыгъэр 38-м нагъэсауэ щыташ. Абыхэм гектар мелуани 10,7-м щIигъу яубыд.

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа зэуэхылIэныгъэм ЩIы хъуейм тет къэрал псорэ кьыхуреджэ я щIыналъэхэм, нэхъ мащIэрамэ, зы «Рамсар щIыпIэ» къыщызэIуахьыным. Конвенцэм и ззэшгъэуIу советым деж щыIэ къэрал зэхуакъу бюром и къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ псы-псыпцIэхэм ящыщу дунейпсо мыхьэнэ зиIэу къалъытэхэм я щытыкIэм зэрызахъэжьым кIэлъыплъыныр. Апхуэдэ «Рамсар щIыпIэу» ди планетэм къыщызэрагъэпэщахэм я бжыгъэр (ди зэманыр къэтщтэнщи) 1900-м щIегъу. Абыхэм гектар мелуани 186-рэ къызэщIаубыдэ. АтIэми, ЩIы хъуейм псы-псыпцIэ щIыпIэу къыщахутам, псори зэхэту, щIы щхьэфэм и проценти 6-м, е нэгъэущIу жыгIэмэ, гектар мелуан 570-м нэблагъэм зыщаубгъуащ.

Геолог-биологхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, 2025 гъэм ирихьэлIэу, ЩIы хъуейм тес цIыхухэм ящыщу мелард 1,8-р щыпсэунущ псыр хуабжьу хъащцэмэщIэкI къэралхэм е щIыналъэхэм. Абы къыхэкIыуи гурыIуэгъэущ, псы-псыпцIэ щIыпIэхэм я мыхьэнэр кIуэ пэтми нэхъ им хъуэгъэ зэрекIуэкIынур.

Урысейм и мызакъуэу, Европэм щынэхъ ин дыдэ Васюган псыпцIэм зыщиубгъуащ километр мин зэбгъуэзнатIэу 53-м щIигъум. Абы къыхэщIыубыдэ щIыгур Сыбыриим и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Иртышрэ Обьрэ я зэхуаку дэтщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Васюган псыпцIэр, зиубгъу зэпытми, къызэрыунэхуэр илъэс мини 10 дэкIащ.

Нэхъыбэм къызэралъытэмкIэ, псыпцIэхэр щэдыпIэщ, фIеяльэщ. АрщхьэкIэ, биологхэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, апхуэдэ Іуэху еплъыкIэр пэжым пэIащIэщ. ЖыгIам дыщIыдгъужынщи, «уэрыжь» псори гъэталъэкъым, уеблэмэ, я нэхъыбэр псы кьабзэм и зэтеIыгапIэщ. ІэщIагъэлIэхэм къызэрабжамкIэ, «къызэрыгуэкI» жьжьейхэм ярыт псыр, ику иту, илъэс 17-м и кIуэцIкIэ зэхъуэкIа хъумэ, псыпцIэхэм къызыщыпхивхэр илъэси 5-м къриубыдэу къощIэрэщIэж.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

КъэфакIуэ ныбжьыщIэхэм я текIуэныгъэ

● Щэнхабзэ

Бахьсэн районым щагъэлъэпIащ къэфакIуэхэм я дунейпсо зэпеуэхэм щытекIуахэр.

ЖАНХЪУЭТЕКЪУЭ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щагъэпэжащ къэфакIуэхэм я дунейпсо зэпеуэм, лъэпкъ щэнхабзэмрэ Іуэрыlуатэмрэ я дунейпсо щэнхабзэ-фестивалым пашэ щыхьэ «Джигит» ансамблыр.

Гупым екъуэхьуну, игъэгушхуэну яхуеблэгъат Бахьсэн район администрацэм ЩэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщI **Тхьэмадокъуэ Зерэрэ** Жанхъуэтекъуэ къуажэм и Іэтащхьэ **Хьэмырзэ Заурбийрэ**, къуажэдэсхэр.

Зэпеуэм щытекIуахэм щекъуэхъуэм, Хьэмырзэ Заурбий егъэджакIуэхэм фIыщIэ ин яхуищIащ, я Іэзагъэм и фIыгъэкIэ сабийхэм ехъулIэныгъэ яIэзэрахьам папщIэ. ТхьэмадокъуэЗерэ Хьэмырзэ щащ кьафэ гъуэгуджэр къагъэсэбэпыну щIэблэр гъэсэным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIыр.

«Джигит» ансамблым и къэфакIуэ ныбжьыщIэхэр щIыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмкIэ ягъэлъапIа нэужь, махуэшхуэ концерт ирагъэкIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ районым и творческэ гупхэм.

УЛЫМБАЩ Лерэ.

● Зэгъэпэщыжыныгъэхэр

ГЭС-хэр зыхуей хуагъазэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ГЭС-хэм ремонт щхьэхуэхэр иращIылIэнущ.

КЪЫЗЫХУЭТЫНШЭУ зэрагъэпэщыжынущ Зэрэгъыж дэт электростанцым и гидроагрегат №1-мрэ Бахьсэн ГЭС-м и гидроагрегат №3-мрэ. Абыхэм я лъэщагъыр мегаватти 10,2 (Зэрэгъыжым), 9 (Бахьсэным) мэхъу. Гидроагрегатхэр илъэсищым зэ зэгъэпэщыжынымкIэ хуейуэ зэрыщытым ипкъ иткIэ зэхаубла лэжьыгъэхэр мазэрэ ныкъуэкIэ зэфIагъэкIыну я мурадщ .

«Рус-Гидро» Урысей Іуэхущапіэм и удамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм 2020 гъэм къыщрахьалIэну ремонт лэжьыгъэхэм къэралым сом мелуан 88,5-р къыхуиутIыпщынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Мы махуэхэм

Мазаем и 1, *щэбэт*

♦**США-м щагъэлъапIэ Хуитыныгъэм и лъэпкъ махуэшхуэр.** 1865 гъэм Америкэм и президент Линкольн Авраам Iэ щIидзащ я къэралым цIыхухэр щамыгъэпщыкIыным теухуа унафэм.

♦**1816 гъэм** декабристхэм «КъегъэлакIуэхэм я зэгухьэныгъэ» зыфIаща я япэ щэхурыплажьэ гупыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1829 гъэм** Нэгумэ Шорэ Налшык къыщызэIуихащ сабий нэхъ акъылыфIэхэр щрагъэджэну школ.

♦**1923 гъэм** СССР-м щыпэ ахъшэ хъумапIэр Петроград къалэм къыщызэIуахащ.

♦**1924 гъэм** Инджылызым СССР-р езым и ухуэкIэ зиIэж къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр къиIытащ.

♦**1926 гъэм** Къыргызыз АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦**1929 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1931 гъэм** Москва къыщызэIуахащ «Союзкино» фабрикэ нэхъыщхьэр (иужькIэ «Мосфильм» киностудие хъуащ).

♦**1946 гъэм** Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) и япэ секретарь нэхъыщхьэу хахащ Норвегием щыщ политик Ли Трюгве.

♦**1992 гъэм** Урысеймрэ США-мрэ Іэ щIадзащ «зауэ щыIэм и лъэхъэнэ» жыхуиIэр зэриухам теухуа декларацэм.

♦**2003 гъэм** уэгум къыщыщащ СССР-м и «Колумбия» кхъухьыр, махуэ 16-кIэ хъэрщым щыIауэ къэкIуэжыр. Абы иса астронавтиблри - цIыхубзитIрэ цIыхухьуитхурэ - хэкIуэдащ. ХьэлIэ ихьурэ, а кхъухьр хъэрщым 28-рэ кIуат.

♦Урыс щIэныгъэлI цIэрыIуэ, академик, докутыр Іэзэ **Бехтерев Владимир** къызэралъхурэ илъэси 163-рэ ирокъу. Абы и цIэр фIащащ сымаджэщ, еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэм.

♦США-м щыщ киноактёр цIэрыIуэ, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща, игъэззэщIа роль куэдымкIэ цIыху мелуанхэм я гум кьына **Гейбл Кларк** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Къардэн Льюстэнбий** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал лэжьакIуэ, УФ-м и япэ президенту щыта (1991 - 1999 гъэхэм) **Ельцин Борис** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Лъэпщокъуэ МутIалиб** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Археолог, шапсыгъ лъахэдж, узэщIакIуэ **ТIэш Мадин** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦СССР-м и къхъулъатэзэхуэ-космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Аксёнов Владимир** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ **Куэшбей Пщымахуэ** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Балетым и къэфакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Совет Союзым и цIыхубэ артисткэ **Максимовэ Екатеринэ** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист, олимп чемпион, СССР-м и спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Фирсов Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыlакlуэ цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Лещенко Лев** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щIыIэр градуси 3 щыхъунущ.

Мазаем и 2, *тхьэмахуэ*

♦**Псы-псыпцIэ щIыпIэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ.** Нэмыцэ-фашист зэрыпхуаIуэхэм япэщIэту Сталинград къалэм деж махуэ 200-кIэ советыдзэхэм ирагъэкIуэжа зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ иухащ 1943 гъэм мазаем и 2-м.

♦Азербайджаным и щIалэгъуалэм я махуэщ

♦**1536 гъэм** Испанием щыщ Мендосэ Педрэ Ла-Платэ псым и Іуфэм деж Аргентинэм и иджырей къалащхьэ Буэнос-Айрес къызытепщIыкIыжа псэупIэр щиухуащ.

♦**1549 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ ЛIыкIуэхэм я унэ зыфIаща Іэхэщ Іапіэр - иджыпсту ар нэгъэущI къэрал Іэхэухэмкіэ министерствэрщ.

♦**1701 гъэм** Пётр Езанэм унафэ кьыдигъэкIащ топ 18 зэрыбгъэувэ хъун кхъухьышхуех Ладогэ гуэлым щащIыну. Апхуэдэ щыкIэкIэ къызэгъэпэща хъуащ Балтие флотыр.

♦**1911 гъэм** Америкэм щыщ щIэныгъэлIхэм хэIущIыIу ящIащ хуэш узым (столбняк) узэрыпэщIэтыфыну мастэ зэрыхалъхьэм теухуа хъыбарыр.

♦**1918 гъэм** ЦIыхубэ комиссархэм я советым унафэ ищIауэ щытащ «Члисэр къэралми еджапIэхэми къагуэгъэщхьэкIыным теухуауэ».

♦**1920 гъэм** Эстониемрэ Совет Урысеймрэ Тарту къалэм мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIащ. Абы ипкъ иткIэ Эстониер Республикэ щхьэхуиту къалъитащ.

♦**1943 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ «Хэку зауэшхуэм партизану хэтам» медалыр, япэ, етIуанэ нагъыщхэр зиIэр, къащтэну.

♦**1946 гъэм** Сахалин Ипщэмрэ Курилы хыIтIыгуэмрэ СССР-м кьыхагъэхьащ.

♦Совет композитор, егъэджакIуэ, РСФСР-м гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гнесин Михаил** къызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал лэжьакIуэ, дэзэешэ Фрунзе Михаил къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.

♦Хамэ къэралыр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщ, Кавказыр джыным елэжьа, профессор, «ШэрджэкIэ къызытекIар» тхылъыр зи Іэдакъэщ1экI **Намитокъуэ Айтэч** къызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокъу.

♦Франджым и ЛIыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхьан** къызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

♦Совет кхъухьлъатэзэхуэ цIэрыIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Чкалов Валерий** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Франджым и президенту щыта **Валери Жискар д'Эстен** и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Джалиль Муса** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦«Ленин гъуэгу» газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкIэ лэжьа, КъБР-м щанхэзэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джаурджий Іэбисал** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, ССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Велихов Евгений** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Композитор, Адыгей къэрал университетым гъэзджэхэмкIэ и институтым и япэ ректору щыта, УФ-мрэ АР-мрэ гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кубаным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, профессор **КIыкI Хьисэ** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градус 1 - 2 щыхьэнущ.

Мазаем и 3, *блыщхьэ*

♦**1815 гъэм** Швейцарием дунейм щыяпэу лэжьэн щыщIидзащ кхъуей щащI заводым.

♦**1826 гъэм** Грибоедов Александр Грозный быдапIэм щафыдауэ щытащ, зыкъэзыIэта декабристхэм япыщIауэ щытауэ шэч хуащIри.

♦**1920 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ хъугъэуфIыгъуэхэм я хъуманIэ.

♦**1930 гъэм** Вьетнамым и Коммунист партыр къызэрагъэпэщащ.

1945 гъэм Польшэм хьхьэ Одер, Вислэ псыхэм дэж щекIуэкIа заэушхуэр иухащ.

♦**1957 гъэм** франджы химик Хои Нгуен Бу хэIущIыIу ищIащ тутын Іугъуэм лышхьэ къэзыгъэхъэй пкъыгъуэ къызэрыхигъуэтам теухуа хъыбарыр.

♦**1958 гъэм** Гаагэ (Нидерландэм) Іэ щытрадзащ Бенилюкс экономикэ зэгухьэныгъэ къызэрызэрагъэпэщым теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦**1966 гъэм** «Мазэ-9» совет станцыр дунейм щыяпэу Мазэм щетIысхащ. Ар ягъэльэтат 1966 гъэм щышылэм и 31-м. Аращ Мазэм и щхьэфэм япэу сурэт тезыхыу ЦIым къезыгъэхьауэ щытари.

♦**1972 гъэм** Саппорэ (Японие) къыщызэIуахащ XI щIымахуэ Олимп Джэгуэр. Зэпеуэхэр екIуэкIащ мазаем и 3 - 13-хэм.

♦**1920 гъэм** РСФСР-м къыщызэрагъэпэщащ хъугъуэфIыгъуэхэм я къэрал хъуманIэ.

♦**1924 гъэм** «Къэбэрдей Плъыжь» газетым и цIэр «Къэрхъэлъкъ» жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦**1925 гъэм** СССР-м радиом псэлъэн щыщIидзащ.

♦**2006 гъэм** тенджыз ПлъыжьыщIыщIыхьащ Мысырым и «Ас-Салям-98» брамыр. Абы иса цIыху 1372-м щыщу кьелар 376-рэ кьудейт.

♦Уэрэджыlакlуэ цIэрыIуэ щыта, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Хьэждал** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Сценарийхэр зытхуу щыта, драматург, РСФСР-м гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Володарский Эдуард** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущIэ, ССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и иужьрей министру щыта, авиацэм и маршал **Шапошников Евгений** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, Къандур Мухьэдин триха «Шэшэным щафIэкIуэдар» фильмым щыджэгуа **Чернышов Андрей** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 2 - 3 щыхьэнущ.

Зыгъэхьазырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЛэжьэкIэмыщIэ и Іуэху хэщIыркъым.

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.

Сэджытым ехьэлІа къалэнхэр

● Уаз

Ди газетым и щІэджыкІакІуэхэр зэрылъэІуам ипкъ иткІэ, сэджытым ехьэлІа Іуэхугъуэхэр иджыри зэ фигу къэдгъэкІыжынщ. Ар къалэн зыщыхьур, зэрыгъэзэщІапхъэ мардэхэр Къурэн лъапІэм щызэпкърыхац.

СЭДЖЫТЫМ теухуауэ Іэят куэди къыщыкІуац Къурэн лъапІэм. Абыхэм ящыщщ:

♦ *«Уэ Іиман къзэыхьахэ, ерыскъы фэттам псапэ хэфщІыкІ, гуэныхьыр упшныж щымыхьу, ныбжьэгъуи къыпщихэщыжыни щыщымыІэж махуэр къэмыс щІыкІэ».*

♦ *«Зи мылъкур Алыхьым папщІэ зыгъэкІуэдыр хуэдэщ щхьэмжижІыу къыхэкІа жылэм, щхьэмыж къскІэ хьэдэищэ илъу. Алыхьым щхьэж зэрыхэучащэкІэ ар хуегъэбагъуэ. Тхьэм псори къыхэщІеубыдэ, ещІэ».*

♦ *«Фэ сэджытыр наІуэу вгуэшмэ, ари хъунущ, ауэ щэхуу тхьэмыщкІэм яхуэвгуэшмэ фэркІэ нэхъыфІщ - ар поув къемызэгъыу фщІам. Тхьэр щыгъуаззщ влэжь псоми».*

♦ *«Алыхьым ахъшэ телъхьэхэр (процентырщ зи гугъу ищІыр) егъэжещІри, сэджыт зыхэткІар егъэбагъэ. Алыхьым ильагъу хъуркъым дэтхэнэ гуэныхьгъэбагъуэ джаурри».*

♦ *«ФІыгъуэм зэи унэсынукъым, уи гум къыщІитхъым щыщ умыгъэкІуэдмэ. Фэ сыт вгъэкІуэдми, абы Тхьэр щыгъуаззщ». «Алыхьым къарита фІыгъуэм тегужьеикІахэм яхафІремыщІ ар абыхэм я дежкІэ фІыуэ. Хьэуэ ар (зытегужьеикІа мылъкур) абыхэм я дежкІэ мыгъуэщ! Ар абыхэм Къемэт махуэм хъэзабу къапщІэхилъхьжынущ. Алыхьым щІэину къыхуэнэжынущ уафэхэри щІылъэри. Тхьэр щыгъуаззщ фэ фщІэ псоми».*

♦ *«ЕхъулІащ муІминхэр: зи гур къабззу нэмэз зыщІэкІэ, псалъэ надэм зыщцэзыдзейхэр, сэджытыр зытхэр».*

♦ *«Алыхьри и ПІыкІуэри фи фІэщ фщІы, фи Іэмыщ Іэ кърилъхьами сэджыт хэвгъэкІ. Фэ фщыщу Іиман зиІэу зи мылъкум хэзытыкІэм псапэшхуэ къахь».*

Сэджытым ехьэлІауэ хьэдис куэди щыІэщ. Мыри абыхэм ящыщ зэщ.

«Зы лІы гуэр бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) еупщІащ: «Уа, Тхьэм и ПІыкІуэ лъапІэ! Ди Іэдакъэ щІэкІахэм ящыщу сыт хуэдэм нэхъ псапэ пылъ?» - жиІэри. Тхьэм и нэфІыр зыщыхуэ бегъымбарым итащ мыпхуэдэ жуаап: «Уузыншэу, уи псэр хуэупсэу, мылъкур уи гум пымыкІыу, абы уэ ухуэныкъужьыжьнкІэ ушынэу уи Іэдакъэ икІыращ нэхъ псапэ зыпылъри, мис абы пІалъэ къыхуимыгъэкІ; псори къурмакъэм къэсу (уПІэу утелъу) «мыр мобы лъос, модрейр адрейм лъос» щыжыпІэну зэманым нумыгъэс».

Хьэдисым и мыхьэнэр мыращ: уи псэр зэрыхэхІэр къыщыбгурыІуам дех птыр къабыл хъужыкъым, псапи пылъыжкъым жиІэу аращ. НэгъуэщІ хьэдисым мыпхуэдэу къыщыкІуац: *«Нэху къекІа цІыхум мелыІчитІ къыщыхуемыс махуэ щыІэхъым. А ТІум я зым мыпхуэдэу жеІэ: «Я Алыхь, зыгригъэкІуэдапхъэм тезыгъэкІуэдахэм я мылъкум берычэтыр яхуэлъхьэ». Адрей мелыІычым мыпхуэдэу жеІэ: «Я Алыхь, щысхьым, гужьеям и мылъкум кІуэдыр къыхуэгъакІуэ!»*

Зэгуэрым Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) дех ЛитІ къэкІуат. Абыхэм я зыр зэрыфакъырэм къыхэкІыу ПІыкІуэм хэтхъэусыхац. Адрейр гъэгуэм къыщытеуэ хъунщІакІуэхэм щхьэкІэ тхьэусыхац. Бегъымбарыр абыхэм едаІуэри, яжриІац: «Гъэгуэм тет хъунщІакІуэхэр дяпэкІэ мащІэ дыдэрэ фІэкІа къыфтеуэжьынукъым. Уеблэмэ, Мэккэм кІуэну чырэр хъумакІуэншэу ежьами, ягъэ мыкІыжу хъунущ. ФакъыраГъэращи, зэман къыфхуихуэнущ сэдэкъэуэ вгъэкІуэдынур фи Іэм Іэщ Іэпльу, ауэ ар фІызыхьи фымыгъэуту. Мис апхуэдэ зэман къыфхуимыхуауэ Къемэт махуэр къэсынукъым. ИтІанэ (Къемэт махуэм) дэтхэнэ зыри, шэч хэмылъу, Алыхьым и пащхьэм фиувэжынущ: фэрэ Алыхьымрэ фи зэхуакум Іупхъуэ дэмылъу, тэрмэши дэмыту. Мис итІанэ Алыхьыр цІыхум еупщІынущ: «Мылъку уэстатэкъэ?» Жэуап къитынущ: «НтІэ, къызэптат». Аргуэру къеупщІынущ: «ПІыкІуэ ныпхуэзгъэкІуатэкэ?». «НтІэ, къысхуэбгъэкІуат». ЦІыхур ижьымкІэ пльэми сэмэгумкІэ пльэми мафІэ фІэкІа ильагъункъым. Аращи, зы хъурмэ цІыкІу закъуэ нэхъ фимыІэми сэдэкъэуэ (Тхьэм папщІэ) вгъэкІуэди, мафІэм зыщыфхъумэ. Зы хъурмэ закъуэри фхуэзэфІэмыкІынумэ, псалъэ гуапэкІэ мафІэм зыщыфхъумэ - ари сэдэкъэщ».

Сэджытыр зыхэзэкІыпхъэ мылъкур:
- ахъшэм (лІэужьыгъуэ псоми);
- дыщэ-дыжьыным;
- Іэщхэм;
- ГъавэМ.

Дыщэм и хьэлъагъыр грамми 100-рэ мискъал 20-рэ (грамм 94-рэ хуэдиз) мыхъуауэ сэджыт зэкІыркъым. Дыжьыныр грамм 700-м щІигъэмэщ сэджыт щыхагъэкІыр.

Сэджытыр хокІ къыпхэхъуа ахъшэм, Іэщхэм, гъавэм. Абы щыгъуэми Іэщ пІащхэм (хыв лІэужьыгъуэри хеубыдэ) я бжыгъэр 30-м нэсыху сэджыт хэкІыркъым. Гъавэу къэбгъэкІам сэджыту хуэзэр Іыхьэ пщІанэм и ныкъэращ.

Сэджытым зэтыпхъэхэр:

1. Факъырэхэр. Апхуэдэу кьалъытэр сэджыт зыхэтыкІын мардэм нэхъ рэ нэхъ мащІэ е абы и уасэм нэхъ мащІэ фІэкІа зыбгъэдэмыльхэращ. Мылъку бгъэдэлъу, лэжьапІи Іуту, ауэ а псори и унагъуэр иригъэпсэун папщІэ хуриКъу къудейуэ щытмэ, абыхэмэ сэджытыр епт хъунущ.

2. Зыри зимыІэхэр (мискинхэр). Абы теуэхуауэ Къурэным хьыкъыщІ: «ЩІым хэх тхьэмыщкІэхэр гъэнщІынщ...». Апхуэдэхэр мыльАІуэмэ, яшхыни щатІэгъэнэ зэгуэтынукъым. Абыхэм я хуэныкъуэныгъэр факъырэхэм нэхъ рэхъ Іеижь. Гъэнэр лъэмыкІмэ, къару бгъэдэмыльмэ, апхуэдэхэр лъаІуэми ягъэ кІынукъым.

3. Сэджытым елэжьхэр. Сэджытыр къыхэхъынымрэ ар зыхуэфащэхэм хуэгъэшынымрэ яужь ит муслъымэнхэм я Іуэху къагъэнауэ ар зэрызэфІагъэкІым папщІэ, абыхэми епт хъунущ сэджытыр.

4. Ягуэр диным къыхуэщІбэнымкІэ гугъэ зыхуэпщІхэр.

5. ПщылІхэр.

6. ЩІыхуэ зытелъхэр. Ауэ щыхъукІи, мыхъумыщІагъэкІэ, Алыхьым фІэмыфІ Іуэхугъуэ илэжьакІэ щІыхуэ къызытехуам сэджыт епт хъунукъым. Іуэху щхьэпэ гуэркІэ къыгъэсэбэлъыну, псалъэм и хьэтыркІэ, и сатуКІэ щІыхуэ къытехуауэ щытмэ, апхуэдэхэм сэджытыр епт хъунущ.

7. Алыхьым и Іуэгуэм тетхэм. Абы къикІыр Тхьэм иФІэфІ Іуэхугъуэ зылэжь щІыхуэ хуэныкъуэмэ, сэджыт етынырщ.

8. ГъэгурыкІуэхэр. Гъэгу теуваРэ и унэ нэзхьыхэсыжьи мылъку къызыхуэмынэжаэхэращ зи гугъу ищІыр.



● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

ЦІыху мин щищым зэуэ нэмэз щащІ

Пакистаным и къалащхъэ Ислъамабад дэт «Фейсал» мэжджытыр дунейм щынэхъ ин дыдэхэм хабжэ. Абы цІыху мин щищым зэуэ нэмэз щащІыфынущ. 1976 гъэм щІадзащ, 1986 гъэм и кІэм нагъэсащ абы и уэхуэныгъэр. Ар и мылъкукІэ иригъэщІащ Сауд Хьэрыпым и пащтыхьы щыта Фейсал ибн Абдел Азиз ас-Сауд. Абы трагъэкІуэдащ доллар мелуани 120-м щІигъу.

Пащтыхьыр яуКІа нэужь, Тхьэм и унэми ар зытет уэрамми 1975 гъэм фІащыжац абы и цІэр («Фейсал»).

УпщІэхэмрэ жэуапхэмрэ

- Къурэным щыщу сытхэм уеджэмэ нэхъыфІ, кхъэм ущыдыхьам деж?

- Бегъымбар лъапІэм и хьэдисхэм къызэрыщыкІуамкІэ, мэрем махуэм кхъэм дыхьэу зи адэ-анэм «Ясин» сурэм хуеджэм, абы хьэрфу жиІам хуэдиз гуэныхь ар зыхуеджа и лІам хуегъэгъу Алыхьым. НэгъуэщІ хьэдисми къыщыкІуац «Аль-Курси» Іэятым уеджэрэ кхъэм лІауэ щІэлъхэм я псэхэм яхуэбутІыпщмэ, абы сыну дэтхэм я щхьэр Алыхьым нуру игъэблэнущ, мащэу зэрыльри игъэнэхунущ икІи нэхъ хуит ищІынущ.

Махуэ къэси ухуеджэ хъунущ лІам и псэм. ЛІам ухуеджэну нэхъ кІэщІ дыдэхэр «Аль-Фатихэ», «Ихьлас», «Нас», «Фэлэкъ» сурэхэращ.

- Гъунэгъум и хьэкъыщ гъэзэщІапхъэу ислъам диным къытхуегъэув. Гъунэгъур цІыху Іейрэ апхуэдэ пщІэ къимылэжьмэ щэ?

- Къурэн лъапІэмрэ хьэдисымрэ къагъэув мардэм тету гъунэгъум и хьэкъыщ зымыгъэзащІэр Къемэт махуэм хущІегъуэжынущ. Ислъам диным гъунэгъуу ебж лъэныкъуэиплІымкІи унагъуэ плІыщІ. Алыхьым и псалъэу ІуэрыІэным къыщыкІуац: «Алыхьым щхьэщэ хуэфащІ. Абы зыри ЗыусэХуэмыщІ. Пэжу фагъэздят адэ-анэм, Іыхьлам, зеинщэхэм, тхьэмащІкІэхэм, гъэгу тету фи деж ныдыхьахэм, гъунэгъу Іыхьлыхэм, гъунэгъу хамэхэм».

Мухьэмэд бегъымбар лъапІэм пщІэшхуэ яхуищІу щытащ гъунэгъу псоми (абыхэм сыт хуэдэ дин зэрахьэми, сыт хуэдэ хьэлщэн яхэлъми емылытауэ). Абы и щыхьэтщ мы хъыбарыр: «ЛІыкІуэм и гъунэгъуу псэурт зы лІы джаур гуэр. Ар апхуэдизкІэ бзаджащІэт, Алыхьри, ЛІыкІуэри и фІэщ хуэртэкъыми, илъэс зыбжанэкІэ Мухьэмэд бегъымбарыр гугъу ирегъэхьащ. Зы пщэдджыжь къэмынэу пхъэнкІиІр ПІыкІуэм и бжэІупэм трикІутэрт. Ауэ бегъымбарым зыри жимыІэу Іуихьжырт. Зы пщэдджыжь гуэрым Мухьэмэд бегъымбарыр къыщІэкІри, и бжэІупэм пхъэнкІиІ телътэкъым. Ар щилъагъуэм, ЛІыкІуэр и гъунэгъум щхьэкІэ гуэравэри, и деж щІэупщІакІуэ щІыхьащ. «Сыт щхьэкІэ укъыхсхуэкІуа?», - жиІэу гъунэгъур къыщеупщІым, ПІыкІуэм жэуап итащ: «Си бжэІупэм пхъэнкІиІ телпъхьатэкъыми, сыгуэващ, сыту пІэрэ си гъунэгъум къыщыщІар, сымаджэу е дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэу пІэрэ, жысІэри». Ар зэхэзыха бзаджащІэм жиІащ: «ПІалилахьэ Іилэлэжь, Мухьэмэд рэсулулахь (ЩІыхьэт сытохъуэ, Алыхьым фІэкІа Тхьэ зэрыщымыІэм, Мухьэмэд Абы зэрилІыкІуэм»).

Аращи, гъунэгъур цІыху Іейми фІыми дэ ди къалэнщ абы и хьэкъыр дгъэзэщІэну, дэ зэран дымыхъуну. Гъунэгъу Іейми Алыхьыр хуэдгъэззэну аращ. Апхуэдэ цІыхуухэм ятеухуауэ Мухьэмэд бегъымбарым и хьэдисым щыІэщ: «ЦІыхухэм я зэран къеКІынкІэ зыщыщынэ гъунэгъур зэи жэнэтым кІуэнукъым».

- Сэджытымрэ сэдэкъэмрэ сыткІэ зэщхьэщІдзэрэ?

- Алыхьым фарзитху къытІрилъхьац: **щэхьадэ къэхьыныр** («ПаІиллахьэ Іиллэлахь, Мухьэмэд рэсулуллахь» псалъэхэр уи гум къыбгъэдэкІыу жыІэныр, абы и мыхьэнэр: «Тхьэ щылІэкъым Алыхьым фІэкІа, Мухьэмэд Абы и ПІыкІуэщ»); **нэмэз уахъытихур**; **зэкаткр** (мылъкум хэтыкІыпхъэ сэджытыращ зэкаткІэ зэджэр); **рэмэдан мазэм** нэщІыныр, **хьэж щІыныр** (ар зытехуэр мылъку зыбгъэдэлъращ).

Сэджытыр Алыхьым къалэн тщищащ, дымыгъэзэщІэнкІэ Іэмал имыІэу. Ар цІыхум бгъэдэль мылъкум елъытащ.

Сэдэкъэр цІыхум гупыкІ ищІу ит мылъкуращ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, сэджытымрэ сэдэкъэмрэ зэрыщымыІэм, Мухьэмэд Абы зэрилІыкІуэм»).

Аращи, гъунэгъур цІыху Іейми фІыми дэ ди къалэнщ абы и хьэкъыр дгъэзэщІэну, дэ зэран дымыхъуну. Гъунэгъу Іейми Алыхьыр хуэдгъэззэну аращ. Апхуэдэ цІыхуухэм ятеухуауэ Мухьэмэд бегъымбарым и хьэдисым щыІэщ: «ЦІыхухэм я зэран къеКІынкІэ зыщыщынэ гъунэгъур зэи жэнэтым кІуэнукъым».

- Сэджытымрэ сэдэкъэмрэ сыткІэ зэщхьэщІдзэрэ?

- Алыхьым фарзитху къытІрилъхьац: **щэхьадэ къэхьыныр** («ПаІиллахьэ Іиллэлахь, Мухьэмэд рэсулуллахь» псалъэхэр уи гум къыбгъэдэкІыу жыІэныр, абы и мыхьэнэр: «Тхьэ щылІэкъым Алыхьым фІэкІа, Мухьэмэд Абы и ПІыкІуэщ»); **нэмэз уахъытихур**; **зэкаткр** (мылъкум хэтыкІыпхъэ сэджытыращ зэкаткІэ зэджэр); **рэмэдан мазэм** нэщІыныр, **хьэж щІыныр** (ар зытехуэр мылъку зыбгъэдэлъращ).

Сэджытыр Алыхьым къалэн тщищащ, дымыгъэзэщІэнкІэ Іэмал имыІэу. Ар цІыхум бгъэдэль мылъкум елъытащ.

Сэдэкъэр цІыхум гупыкІ ищІу ит мылъкуращ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, сэджытымрэ сэдэкъэмрэ зэрыщымыІэм, Мухьэмэд Абы зэрилІыкІуэм»).

Аращи, гъунэгъур цІыху Іейми фІыми дэ ди къалэнщ абы и хьэкъыр дгъэзэщІэну, дэ зэран дымыхъуну. Гъунэгъу Іейми Алыхьыр хуэдгъэззэну аращ. Апхуэдэ цІыхуухэм ятеухуауэ Мухьэмэд бегъымбарым и хьэдисым щыІэщ: «ЦІыхухэм я зэран къеКІынкІэ зыщыщынэ гъунэгъур зэи жэнэтым кІуэнукъым».

- Сэджытымрэ сэдэкъэмрэ сыткІэ зэщхьэщІдзэрэ?

- Алыхьым фарзитху къытІрилъхьац: **щэхьадэ къэхьыныр** («ПаІиллахьэ Іиллэлахь, Мухьэмэд рэсулуллахь» псалъэхэр уи гум къыбгъэдэкІыу жыІэныр, абы и мыхьэнэр: «Тхьэ щылІэкъым Алыхьым фІэкІа, Мухьэмэд Абы и ПІыкІуэщ»); **нэмэз уахъытихур**; **зэкаткр** (мылъкум хэтыкІыпхъэ сэджытыращ зэкаткІэ зэджэр); **рэмэдан мазэм** нэщІыныр, **хьэж щІыныр** (ар зытехуэр мылъку зыбгъэдэлъращ).

Сэджытыр Алыхьым къалэн тщищащ, дымыгъэзэщІэнкІэ Іэмал имыІэу. Ар цІыхум бгъэдэль мылъкум елъытащ.

Сэдэкъэр цІыхум гупыкІ ищІу ит мылъкуращ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, сэджытымрэ сэдэкъэмрэ зэрыщымыІэм, Мухьэмэд Абы зэрилІыкІуэм»).

Аращи, гъунэгъур цІыху Іейми фІыми дэ ди къалэнщ абы и хьэкъыр дгъэзэщІэну, дэ зэран дымыхъуну. Гъунэгъу Іейми Алыхьыр хуэдгъэззэну аращ

● Шхыныгъуэхэр

Жэрумэ гъэва

Жэрумэ цIынэ дияр псы щIыIэм халъхьэри, хьэкум трагъэувэ, сыхьэти 2 - 2,5-кIэ ягъавэ, шыгъу мащIэ тIэкIу хэдзауэ. ТрищIэ тхъурымбэр къытрах, мафIэр цIыкIу дыдэ ящIри, и щхьэр тепIауэ ягъавэ. МафIэр инмэ, лэпсыр мэутхъуэ. Жэрумэ вар лэпсым къыхамыхьу тIэкIу ягъэупщIыIыри, тепщэчым иралъхьэ. Жэрумэр Iуданэкlэ пхамэ, сэкIэ зэпаупщIри кьыхахыж.

Iэнэм щытрагъэувэкIэ жэрумэр зэпагъэж, тепщэчым иралъхьэри, бжьыныху шыпс тракIэ е ар фалъэ цIыкIукIэ гъуэз хуащI. Пщтыру яшх. Пластэ хуабэ, щIакхъуэ, чыржын, мэжаджэ дашх.

Жэрумэ лэпсым хьэнтхъупс, бжьыныху шыпс ирипщI хъунущ.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):жэрумэ цIынэу - г 330-рэ, зэрагъэвэну псыуэ - г 920-рэ, шыгъуу - г 2, губгъуэпхъыу - тхьэмпищ,бжьыну - г 30.

Губгъуэ бабыщ гъэбэкхъа

Бабыщ гъэкъэбзар зэпкърымыхауэ псы щIыIэкIэ ялъэж, хьыдан къабзэкIэ яльэщIыж, и щIыбым шыгъу, и кIуэцIым бжьыныху, шыгъу щахуэ. КIуэцIфэцIхэри зыхуеи хуагъаэзри, и кIуэцIым иралъхьэж. ИтIанэ бабыщыр мэл щэ тхъурымбэм кIуэцIашыхьри Iуданэкlэ япхэж. Ар тхъу къэплъа зэрыт тебэ куум иралъхьэри, мафIэ мыгуащIэм тету зэрагъэдзэкIыурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. ИтIанэ бабыщыр тебэм кърахри шыуаным иралъхьэ, щIигъанэ къудейуэ псывз е лэпс щIакIэ, шыгъу хадзэри, и щхьэр тепIауэ мафIэ цIыкIум тету ягъэбэкхъ. Бабыщыр гъэбэкхъар къыхах, лэпсыр язри, абыкIэ шыпс ящI. Лэпсым къытраха дагъэмкIэ бжьыныр гъэдз хьэжыгъэмрэ ягъэлыбжьэ. Шыпсым шатэ тIэкIу щIакIэри, хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Iэнэм трагъэувэн ипэкIэ мэз джэдым Iуданэр къыхахыжри, Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкрах. Ящщыкlэ шыпсыр тепщэчым иракIэ, итIанэ абы лыр халъхьэ. Яшх пщтыру, пластэ е щIакхъуэ щIыгъуу.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Теплъэгъуэхэр



Къурш бжэнхэр къырым итщ. *Сурэтыр* **Гуэкlакъуэ Инал** *трихащ.*

● Чэнджэщхэр

Гур тэмэму егъэлажьэ

Къыззрыгуэкl хьэмкIуIым, спирт процент 70-кIэ зэхэщIауэ, гур тэмэму егъэлажьэ, щхьэ куцIым хэлъ лъынтхуэхэм лъыр тынщу щызэрегъакIуэ. Ар хьэзыру аптекэхэм щащэ. ТкIуэпс 25 - 35-рэ псы граммищэм хэгъэткIуауэ махуэм щэ уефэмэ, лъы дэуеяр ирегъэхьыж, тынщу уегъэжей, гур тэмэму егъэлажьэ. И гъэгъахэр шейм хэлъу уефэнуи фIы дыдэщ, гу узми щхьэ узми сэбэп хуохъу.

* * *

Нэхэм фIыуэ ялъагъуным, тхьэкIумэхэм нэхъыфIу зэхахьным я сабэпщ розэ плъыжьым и тхьэмпэхэр зыхэлъ шейр (шейдзыр щызэхэфщIэкIэ, зы тхьэмпэ-тхьэмпитI хэфлъхьэ). Апхуэдэуи абы гури фIыуэ егъэлажьэ. Ар псом хуэмыдэу яхуэщхьэпэнущ зи ныбжь хэкIуэтахэм.

* * *

Гъуэжьудзыр (мэкъуешйкIи йоджэ) (зверобой) витаминхэмкIэ, минералхэмкIэ къулейщ. Еджагъэшхуэхэм зэрыжаIэмкIэ, ар узыфэ 99-м я хущхъуэщ, псом хуэмыдэу лъатэм, кIэтIийхэм, тхьэмщIыгъум. Абы ныбажэри псынщIэу егъэувыIэ. Щхьэхуэу зэпхьэлIэми, шейм хэту уефэми хъунущ. Бжэмышхышхуэу тIу псы къэкъуалъэ стэканым хэлъхьи сыхьэтитI хуэдизкIэ щыгъэт, итIанэ Iыхьиц ищIыкIауэ махуэм щэ ефэ, узыр пщхьэщихынущ. Зэкlэ мыхъумэ, махуэ зыбжанэкIэ къытегъэзэж. Шейуэ уефэнумэ, шей удзым и гъусэу зы бжэмышх хэдзэ, къыщIиха нэужь ефэ. Абыи махуэ зыбжанэкIэ уефэ хъунущ. Ауэ евмыгъэлей.

● Псалъэ шэрыуэхэр

Имылъ къолъэт

ИкIуа из хъужыркъым.
ПкэщIар, прIэкIуэдар пхуэзфIэгъэуэзэжынукъым, зыIэрыбгъэхьэжыфынукъым, бгъуэтыжынукъым жыхуиIэщ.

Ем щыгъуэ бжьэдыгъур зэшщ.
Щытыкlэ гугъум цIыхур зэрешалIэ, гъунэгъу зэхуешI.

Имылъ къолъэт.
Фочыр нэщIщ жыпIэу уримыджэгу, ар узэдауэ къыщIэкIыу щIэщхъу къыззэрыпщыщынур пщIэнукъым жыхуиIэщ.

Гъуэгум пкIэльей ебдзмэ, кIэщI мэхъу.
Гъуэгум хъыбар щыжыпIэмэ, ущыуэршэрмэ, зэзыгъуэ хъуркъыми, гъуэгуанэр къыптехьэлъэркъым.

Уэыхьыну псым псы пэгун хикIэнущ.
Iэху щIэпхъаджэ зылэжьыф цIыху гущыIым хужаIэ.

ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ.
ЦIыхубзым Iыхьэлейуэ пщIэ, нэмыс, Iулыдж зэрыхуащIыр, и щIыхьыр зэрахъумэр, зэрамыгъэщIэхъур уигу къэзыгъэкIыж псэльафэщ.

ЩАУЭ Къэлидар.

● Хъыбархэр

Адэм и уэсят

ЛIыжь Iущ гуэр, и лIэгъуэр къыщысым, и къуэр ириджэри, уэсят къищIыжащ:

- Сэ дунейм сохыж. ИгъащIэкIэ пхуикъун мылъку къыпхузогъанэ, къыпхуэзгъанэр си пщIэнтIэпскIэ къэзлэжьащ. Ныбжьэгъу ирипIыгъынуми цIыхугъэ иризеихьэнуми, уэзрегуакIуэщ. Сыпхуэарзэщ, сигу зэбгъэбгъакъым. Уэсят къыпхузогъанэри, укъызэдаIуэмэ, ущIегъуэжьынкъым.

Уэсятыр мыращ: апэрауэ, уипщ щIыхуэ иумыт, щIыхуи къыIыумых; етIуанэрауэ, зыхуэмыфащэм хуумыщIэIа: псыхэкIуадэ хъунщи, ухущIегъуэжьынщ; ещанэращи, уи фыз уи щэху иумыхьэлIэ.

И къуэм апхуэдэ уэсят къыхуигъанэри, лIыжьым и псэр щинащ.

ЩIалэр куэдрэ егупсысащ адэм и псалъэм, гъэунэхунIэ имыхуэурэ, зыбжанэрэ екIуэкIащ. И адэр лIэри зы илъэс хуэдэ дэкIауэ, щIалэм зэхихащ пщыр щIыхуэ къезытын зэрылъыхъуэр.

- Ди адэм и уэсятыр згъэунэхунщ, - жери щIалэр пщым деж кIуащ.

- Уэзрыгуавэр зэхэсхати, сыкъэкIуащ, - жиIащ щIалэм.

- Ди адэм къысхуигъэнауэ, мылъку сиIэщ, щIыхуэ ухуейуэ зэхэсхащи, уэстыфынущ.

- Дэгъуэкъэ, - жиIащ пщым, - мыпхуэдэ пIалъэм фIэзгъэкIынкъым, уэстыжынщ.

ПIалъэмкIэ зэгурыIуащ. ПIалъэр къэсри, щIалэр пщым деж кIуащ, арщхьэкIэ щIыхуэр къыритыжакъым, пIалъэм пIалъэ къыхигъэкIыжащ. Аргуэрыр къыщысым, щIалэм тригъэзащ, щхьэусыгъуэ ищIри, пщым абдежми къритыжакъым щIыхуэр.

«Щыхуэр» жриIэху, пщым пIалъэ къыхигъэкIыурэ, зы илъэси илъэситIи кIуащ, ар щхьэусыгъуэ яхуэхъури, пщымрэ щIалэмрэ зыщыIеящ. Iэхуэр абы нэсауэ, щIалэм и адэм и ныбжьэгъу къыхуеепсыхащ. И адэм и ныбжьэгъур игъэхьэщIащ щIалэм, хуэфащэ нэмыс хуищIащ, ар иригъэжьэжьи ипэ бащIэыкъкIэ зызэщIиуфэри шууэ дэкIащ.

Къуажэбгъум щыджэгу щIалэ цIыкIухэм ябгъэдыхьэри, щIопщыр зыIэпигъэхуащ. ЩIалэ цIыкIу къыбгъэдэIьадэри, щIопщыр къыхуишижащ. ЩIопщыр къыIрихьж зищIри, щIалэ цIыкIур къипхъуэтащ. ЩIалэ щIыкIур мэзым щIихьэри, и хьэщIэм иритащ.

- Мыр анэмэт пхузощI, - жриIащ и хьэщIэм.

- Къаным зэрыхуэфащэкIэ уи унэ игъэс, сынышIэупщIэмэ, къысхуегъэшэж.

Пщым и къуэт щIалэ цIыкIур. Ар ихьри, хьэщIэр екIэжащ. И къуэр кIуэдамэ, пщым игу фIы щыщIэнт: игъэлъэхуащ - дунейм яхутехакъым.

ЩIалэм шэч къыхуащIагъэхэкъым. И адэм и етIуанэ уэсятри игъэунэхун мурад ищIащ щIалэм. Благъэ гуэр иIэт, и адэм мылъкуфI къыхуигъанауэ. Къыхуигъэна щхьэкIэ, зэригъэзэхуэфакъым, Iэщ1эшхьхьыжри пщIантIэ нэщIым къыдэнащ.

- «Мыр си благъэщ, сыдэIэпкъун хуейуэ къыстохуэ», - жери щIалэм и благъэм Iэщи гъави иритащ. Пщым и къуэр зэрыкIуэдрэ зыбжанэ щIауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым, жьэгум здыдэсым, щIалэр «хьы!» жери пыдыхьэшхыкIащ.

- Сыт ущIэдыхьэшхар? - жери и фызыр къыщыхьащ щIалэм.

- СыщIэдыхьэшхар бжесIэнщ, - жи щIалэм. - БжесIэнур пIуэтэжмэ, уэри сэри дытекIуэдэнущ.

- СIуэтэжынкъым, - щыжиIэм, щIалэм и щэхур фызым жриIащ. Зэхихам егупсысурэ нэху щыху жейм езэгъакъым фызыр, нэхущым къыщыльэтри я гъунэгъум мафIэхьэ екэжкIащ.

«Да зэхуэдэ щэхущ, дыпIуатэ хъунукъым, унэм исым IэщIэщIар мыращ», - жери и лIым и щэхур я гъунэгъу фызым хуиIуэтащ. Ар я гъунэгъум екэжкIри, пщым и къуэр зыдыгъуэр жриIащ. Зы жьэм къыжьэдэкIар жьищэм жьэдохьэ, жи. ЩIалэм и щэхур жылэм хэз хъуащ.

ЩIалэр яубыдри, пщым дежи яшащ. «Укъын хуейщ!» - жаIащ пщым и пщIантIэм щызэхуэжэсахэм. Псом нэхъ ихьуилъыр щIалэм Iэщрэ гъавэрэ зрита и благъэрт.

- Ямыгъэпсалъэ яукIыркъым, - жиIэри щIалэм псори къиIуэтащ. - Пщым и къуэр зыдыгъуар сэращ, здыгъуа щхьэкIэ, згъэкIуэдакъым, ди адэм и ныбжьэгъум и ныбжьэ, хъыбар щезгъащIэ пIалъэм зэрыхуэфащэнкIэ къишэжынущ.

Хъыбар иригъащIэри, пщым и къуэр къишэжащ щIалэм и адэм и ныбжьэгъум, жаIэм хуэфащэ хабзэ къыкIэлъызэрихьэри. Абы и ужькIэ пщым щIалэм щIыхуэр къритыжащ. Жьы хъууэ дунейм ехьыжыу, адэм къыхуигъэна псалъэм тетащ щIалэр, щыщIегъуэжаи къэхъуакъым.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1**. Бын. **4**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **6**. ПхъэIэщэм къызэригъэдзэкI щIы Iыхьэ. **8**. «Махуиблкlэ нарт хасэм Сосрыкъуэ щагъафIэ, хьуэхъуфI Iэджэр хуауе, ... куэдзэр къыхуащIри, Сосрыкъуэ кожьэж» - нарт хъыбархэм щыщщ. **9**. Хадзкэкl. **10**. Шыуаныш-хуэ. **13**. ... пыIэ. Е ... лъей. **14**. Уи хьэ ... и цIэщ. **17**. Ауш-щджэр щыщ адыгэ тхакIуэ. **18**. Къуэкlыпlэ Гъунэгъум щыщ хьэрып къэрал къулейсыз. **19**. Ху къызыщIаIукI къэкIыгъэ. **21**. Мэлыфэ гъэтэджа. Е ... бгырыпх. **23**. Урысыбзэкlэ тхэуэ щыта адыгэ бзыльхугъэ усакIуэ цIэрыIуэ. **25**. Совет зэманым зекIуэу щыта ахъшэ жьгъей. **26**. Къуаншагъэ зылэжьа цIыху. **27**. Дагъыстэн лъэпкъ. Абы ящыщ куэд ди республикэми исщ. **31**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, гушыIэ пьесэхэм щыджэгу Къунижь ... **33**. Джэрэзыжу, ар мылым къыщагъафэу щытащ сабийхэм. **34**. БжэIулъэ. **35**. Бжьыхьым иужьу трахуж чы сатыр. **36**. Школым фIы дыдэу щеджэм ... хуагъэув. **37**. ПкIэлъей Iэдитым зэрызыгъэубыд.

Къехьу: **1**. Зауэм щытекIуахэм къаIэщIыхьэ мылъку: хьугъуэфIыгъуэу, Iэщэфащэу. **2**. ... и щIагъ нанэ щыIэкъым. **3**. ЩIы щхьэфэ тещтыкIа. **5**. Сабийм щхьэрыгъ пыIэр жьым щхьэримыхын папщIэ иращIэ кIапсэ цIыкIу. **7**. Псыр къыщыкъуалъэкIэ къыщхьэщех. **11**. Бжейм къыпокIэ, цIыхум яшх. **12**. Псы, гъэш хуэдэхэр зракIэ кумбыгъэ. **13**. ЛъаухъшапIэ щIыпIэ. **15**. Уэрэзэру зэхэс гупыр зауlкIэ ... хьащI. **16**. Социалист Лэжьыгъэм и ПIыхъужь ... Хьэлий. **17**. Мусльымэнхэм я махуэ лъапIэ. Е цIыхухъуцIэ. **20**. Къалмыкъ ... **22**. ... щытхъуи щIэр къащтэ. **23**. Шыцуэс ... уэзрысым уимыкI. **24**. Мэрем махуэм мэжджэм щащI нэмэз. **25**. Къэзышам благъэ хуэхъуа унагъуэ. **28**. ЩIылъэ мэракIуэ. **30**. Зи акъылыр жьажьэ, щхьэдыкъ. **29**. ЗэщIыгъу гъуэгуанэ техьа шыгу гуп. **32**. ЦIыхубзхэм (цIыхухъухэм я нэхъыбэми) къызэдрахьэкI хьэпшып цIыкIу. **34**. ...-щIыхуэ жысIэми, авомашинэ хъэсщэхуащ.

Зэхэзэрыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩIышылэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5**. ХьэхъупащIэ. **7**. Шэнтиуэ. **10**. Брул. **11**. Имыс. **12**. Шэрэдж. **13**. Жагъуэщ. **15**. Аму. **16**. Лэдэж. **21**. Пхъу. **22**. Умыуб. **23**. Къул. **24**. Щхьэпс. **25**. Ажэ. **27**. Джэлэс. **32**. Ахърэт. **35**. Фlэхъус. **36**. Урыху. **37**. ШыкъумцIий. **38**. Шылэхъар.

Къехьу: **1**. Хьэкъурт. **2**. ПщIэншэ. **3**. Мэжаджэ. **4**. Тутын. **6**. Пеле. **8**. Тхъуий. **9**. Джарым. **13**. Жэмыш. **14**. Гъуаплъэ. **17**. Дэлэн. **18**. Хэхэс. **18**. Ауэ. **20**. Абэ. **26**. Жырыкъ. **28**. КъапщIий. **29**. Атэлыкъ. **30**. Сэджыт. **31**. Псэм. **33**. Шухьэ. **34**. Хъыдан.

● ФщIэуэ пIэрэ?

Тхылъыр егъэджакIуэ нэхъыфIщ

●ТхакIуэфIхэм я Iэдакъэщ1экIхэм къеджэр нэхъ дахэу псалъэу мэхъу.

●ЩэнхабзэР - узэджа тхылъым я бжыгъэракъым, атIэ узэджакэм ящыщу къыбгурыIуарщ.

●Тхылъ еджэ цIыхур сытым дежи зы щхьэкIэ нэхъ лъагэу щытынущ телевизор еплъхэм нэхъ рэ.

●ЦIыхуэхэр гупитIу зэщхьэщокI: тхылъ еджэжэмрэ еджам едаIуэхэмрэ.

●КIэпIейкIэр сом зэрыхъум ещхьу, тхылъ узэджэр щIэныгъэ мэхъу.

●Тхылъым мафIэ щIэбдзэу бгъэсыным нэхъ рэ нэхъ Iуэху икIи уемыджэныр.

●Фигу ивгъэлъ: фызихуэдэр къызэрыпщIэр фызэзджэхэмкIэщ.

●Тхылъыфlыр зи ныкъуэ псор псы щIагъэм щIэгъэпщкIуа мыл абрагъуэм ещхьщ.

● Хъыбарыгъуэхэр

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Редакторыгъуэ

Редакторыгъуэ

Редакторыгъуэ

Редакторыгъуэ